

Konsantman Pasyan an pou Etid Pwofil Molekilè – Massachusetts/Minnesota/Wyoming



Tanpri li ak anpil atansyon epi diskite avèk doktè ou.

Si w gen kesyon, tanpri kontakte Caris nan PatientNavigator@CarisLS.com oswa (888) 979-8669.

Imèl fòmèl ou finn ranpli an bay PatientNavigator@CarisLS.com, oswa fakse l bay 866-479-4925.

ENFÒMASYON SOU TÈS LAN

Objektif yon Etid Pwofil Molekilè

Etid pwofil molekilè konplè Caris Life Sciences® (Caris) fè a evalye siy biyologik nou jwenn nan timè w la oswa nan san w la, li revele yon plan molekilè pou ede founisè swen sante w lan (HCP) pran desizyon tretman ki pi eklere e ki espesifik pou kansè w la sou plan endividyèl.

Etid pwofil san sèlman: Echantiyon san Caris pran an gen ladan l tès jenetik (jèm/ereditè), ki ka bay enfòmasyon sou si kansè ou a se yon varyant ADN eritye ak risk ou genyen pou devlope lòt kalite kansè oswa lòt pwoblèm sante. Rezilta yo gendwa revele plis enfòmasyon sou ou oswa fanmi ou nou pa t atann, epi rezilta tès ou yo gendwa gen enplikasyon pou manm fanmi ou. Ou gendwa vle jwenn konsèy jenetik anvan ou dakò pou tès la. Si w bay yon echantiyon san pou tès ou a, rezilta tès jèm/ereditè yo gendwa genyen:

Pozitif: Yon rezilta pozitif gendwa endike ou se yon pòtè, ou predispoze pou, oswa ou gen maladi espesifik oswa twoub sante yo te fè tès pou li a. Si ou resevwa yon rezilta pozitif, ou gendwa vle pale ak HCP ou an oswa yon konseye jenetik. Yo gendwa refere w oswa manm fanmi w pou fè tès adisyonèl oswa konfimasyon.

Negatif: Yon rezilta negatif endike pa gen okenn varyant ki lakòz maladi yo te idantifye nan tès ki fèt la. Sepandan, yon rezilta negatif pa garanti ou menm ak fanmi ou pa gen pwoblèm jenetik oswa lòt twoub medikal, epi plis enfòmasyon gendwa vin disponib alavni ki ta ka afekte entèpretasyon rezilta tès ou yo. Sepandan, Caris pa oblije mete ajou, revize oswa pi devan re-evalye rezilta tès yo apre rezilta sa yo te disponib pou HCP ou an.

Ranmasaj Echantiyon

Si w dakò pou w fè tès la, y ap voye echantiyon san w ak/oswa tisi w bay Caris, kote y ap retire ADN ak ARA ou nan echantiyon ou an epi y ap analize l.

Rezilta tès yo

Caris pral rapòte rezilta tès ou yo bay HCP ki idantifye sou fòmèl rekizisyon tès la (ak lòt HCP ekip tretman w la mande yo, si sa aplikab). Rezilta tès siy biyologik yo gendwa endike siy biyologik yo teste pou yo a prezan oswa yo pa prezan nan echantiyon w la epi yo gendwa idantifye lòt karakteristik kansè w la. Rezilta tès ou yo disponib nan men HCP ou an, oswa nan Caris sou demann alekri dapre lalwa ki aplikab.

Avantaj, Risk, ak Limit Tès Jenetik la

Avantaj tès la gendwa genyen: (i) plis enfòmasyon pou pran desizyon sou swen sante pou tèt ou ak manm fanmi w, tankou kreye yon plan jesyon oswa tretman; (ii) enskripsyon potansyèl nan etid rechèch; epi (iii) enfòmasyon sou sante ki enpòtan pou manm fanmi w.

Ou gendwa gen enkyetid sou tès la, epi ou gendwa gen yon ti kras malèz lè w bay tisi w oswa echantiyon san w. Anplis sa, byenke sèten lwa federal ak Eta a bay kèk pwoteksyon kont diskriminasyon jenetik bò kote patwon yo ak konpayi asirans sante yo, lwa sa yo pa aplike nan tout sityasyon. Ou ka vizite www.genome.gov/10002328 pou jwenn enfòmasyon sou Lwa kont Diskriminasyon dapre Enfòmasyon Jenetik, yon lwa federal ki pwoteje enfòmasyon jenetik.

Caris pa bay okenn garanti tès jenetik li yo detekte tout mitasyon jenetik ak tout moun ki gen yon twoub sante. Varyasyon ki pa asosye ak yon twoub klinik gendwa pa ka rapòte bay HCP ou an.

Konfidansyalite

Ou gen dwa ak yon tretman konfidansyèl echantiyon ou an (yo), enfòmasyon jenetik, ak lòt done sou sante dapre lalwa ki aplikab. HCP ou an ki idantifye sou fòmèl rekizisyon tès la ak pratik ki asosye yo oswa pèsònèl etablisman yo ak afilye yo gendwa gen aksè ak echantiyon ou an ak rezilta tès ou yo. Caris gendwa bay tyès pati rezilta yo suivan enstriksyon HCP ou an. Caris ak lòt moun k ap travay pou Caris gendwa resevwa echantiyon ou an, fè tès oswa gen aksè ak done sou sante w ak rezilta tès ou yo.

Echantiyon/Retansyon Done, Itilizasyon ak Pataj

Nan limit lwa aplikab yo pèmèt li, Caris gendwa estoke, itilize, ak divilge echantiyon ou a (yo), enfòmasyon jenetik, ak lòt done sou sante, ni anndan ni bay tyès pati, pou rezon konfòmite ak reglemantasyon yo, rezon ranbousman, asirans kalite oswa amelyorasyon, aktivite operasyonèl, etid validasyon, rechèch, devlopman pwodwi, oswa nan piblikasyon. Caris gendwa itilize enfòmasyon ou yo tou pou idantifye ak kontakte w konsènan esè klinik oswa lòt opòtinite rechèch ki gendwa enterese w. Echantiyon ou yo ap estoke pou yon tan san limit. Caris pral de-identifye oswa anonimise echantiyon an (yo), enfòmasyon jenetik, ak lòt done sou sante nan mezi lwa aplikab yo egzijè l. Tyès pati ki gendwa resevwa echantiyon ou (yo), enfòmasyon jenetik, ak lòt done sou sante yo gendwa gen ladan yo antite ki pa pou pwofi, antite komèsyal oswa gouvènmanntal tankou chèchè akademik, inivèsite, lopital, laboratwa, ak syans lavi yo, asirans, famasetik, ak lòt konpayi. Si aktivite sa yo lakòz pwodwi komèsyal oswa konpansasyon nenpòt kalite, lajan yo p ap pataje avèk ou oswa fanmi ou, menm si yo itilize echantiyon ou an (yo), enfòmasyon jenetik, ak lòt done sou sante ou yo. Ou ka aprann plis sou pratik konfidansyalite Caris yo, ansanm ak enfòmasyon sou fason yo ka itilize echantiyon ki de-identifye yo, enfòmasyon jenetik, ak lòt done sou sante yo sou plan komèsyal epi pataje yo nan oswa andeyò Etazini lè w vizite www.CarisLifeSciences.com/privacy-us.

KONSANTMAN PASYAN AN

Lè m siyen anba a:

- Mwen rekonèt mwen te li epi konprann enfòmasyon yo bay nan fòmilè sa a, ansanm ak sa ki konsène objektif ak avantaj potansyèl yo, risk, ak limit tès yo ak fason echantiyon mwen an (yo), enfòmasyon jenetik, ak lòt done sou sante mwen yo gendwa itilize, konsève, ak divilge. Mwen te diskite ak HCP an ki te òdone tès mwen an sou fyabilite rezilta tès ki pozitif oswa negatif yo ak nivo sètitud yon rezilta tès pozitif pou maladi oswa twoub sante sa a sèvi kòm yon endikatè pou yon maladi konsa.
- Mwen rekonèt mwen te resevwa yon opòtinite pou m poze kesyon, epi yo te reponn nenpòt kesyon mwen te genyen ak satisfaksyon.
- Mwen dakò ak volonte m pou Caris fè tès la ak pou ranmase, itilize, kenbe, antretni, ak divilge echantiyon mwen an (yo), enfòmasyon jenetik, ak lòt done sou sante yo jan sa nesèsè pou fè tès la (yo) ak pou lòt rezon ki dekri nan fòmilè sa a, tankou rechèch, devlopman pwodwi, ak piblikasyon, nan limit ki otorize, e ki nan konfòmite ak, lalwa aplikab. PASYAN MINNESOTA SÈLMAN: Mwen konprann konsantman ki pi wo a pou divilge enfòmasyon jenetik mwen an valab pou yon peryòd yon lane apati dat siyati mwen anba a.
- Mwen konprann epi otorize Caris pou jwenn peman pou sèvis yo, epi mwen bay Caris tout avantaj asirans sante ak ranbousman dapre plan asirans sante mwen an (ki gen ladan Medicare ak Medicaid). Mwen nonmen Caris kòm yon reprezantan otorize ki gen pouvwa pou fè reklamasyon medikal, kontestasyon, ak/oswa doleyans ak ajans plan sante a oswa òganis gouvènmantral ki dirije plan sa yo. Randevou sa a gen ladann tout dwa ki anrapò ak nenpòt reklamasyon, dwa, oswa kòz aksyon (litij) mwen gendwa genyen kont plan sante mwen an.
- Mwen otorize Caris pou l'aji nan non mwen konsènan detèminasyon, refi ak/oswa nenpòt kontestasyon ki nesèsè ki gen rapò ak kouvèti sèvis laboratwa Caris bay yo, epi mwen otorize Caris ak lòt moun ki peye yo pou yo divilge nenpòt nan enfòmasyon medikal ki pwoteje mwen yo nan objektif pou rezoud reklamasyon mwen an ak/oswa kontestasyon mwen an.
- Caris gendwa kontakte mwen alavni konsènan posiblite rechèch mwen gendwa elijib pou yo. Mwen konprann mwen pa gen okenn obligasyon pou m patisipe nan okenn rechèch yo kontakte mwen pou li, epi mwen ka avize Caris nan imèl nan PatientNavigator@CarisLS.com si mwen pa dakò ankò pou yo kontakte mwen alavni sou opòtinite rechèch.
- Mwen gendwa kontakte Caris, ansanm ak nan imèl nan PatientNavigator@CarisLS.com, nenpòt kilè pou m revoke konsantman mwen pou kenbe echantiyon mwen an (yo), enfòmasyon jenetik, ak lòt done sou sante mwen yo. Sepandan, anilasyon mwen an pa p gen okenn efè sou sa ki annapre yo: (i) nenpòt echantiyon (yo), enfòmasyon jenetik, ak lòt done sou sante ki te de-identifye epi yo pa ka retrase ak mwen fasilman; (ii) nenpòt itilizasyon oswa pataj echantiyon (yo), enfòmasyon jenetik, ak lòt done sou sante ki te deja rive, oswa (iii) nan limit Caris dwe konsève echantiyon an (yo), enfòmasyon jenetik, ak lòt done sou sante pou l'konfòme li ak lwa ki aplikab la.
- Mwen dakò epi otorize Caris (ak ajan li yo, kontraktè yo ak lòt moun k ap aji nan non li yo) pou yo fè apèl oswa voye mesaj tèks ban mwen, ansanm ak sa ki enplike yon vwa atifisyèl oswa ki anrejistre davans, oswa ki fèt apati nenpòt kalite sistèm nimewotasyon telefonik otomatik oswa lòt sistèm otomatik pou plasman apèl oswa voye tèks, bay nenpòt nan nimewo mwen (oswa HCP mwen an nan non mwen) bay Caris. Apèl oswa tèks sa yo gendwa gen rapò ak tès HCP mwen an te òdone, relve kont pasyan yo, pwodwi oswa sèvis Caris panse ki gendwa enterese mwen, oswa demann pou kòmantè pasyan yo. Mwen konprann frekans apèl ak mesaj tèks yo gendwa varye, pa gen limit sou kantite apèl oswa tèks Caris gendwa voye ban mwen, epi mwen gendwa peye yon frè apati konpayi telefòn mwen an pou apèl oswa tèks sa yo epi Caris pa responsab pou frè yo. Mwen dakò pou apèl oswa tèks sa yo voye oswa fèt san konsiderasyon okenn limit lè nan jounen an, e menm si nimewo telefòn mwen an anrejistre sou nenpòt lis Eta oswa federal pou yo Pa Rele. Mwen konprann mesaj tèks yo gendwa dekòde epi yo gen kèk risk pou yon moun ki pa otorize ta ka li enfòmasyon ki nan mesaj yo. Mwen konprann Caris pa ka garanti sekirite ak konfidansyalite mesaj tèks li voye ban mwen yo. Mwen dakò Caris pa responsab okenn aksè san otorizasyon ki fèt pandan oswa apre transmisyon mesaj tèks yo ban mwen. Mwen konprann toujou pou m pa patisipe nan mesaj tèks, mwen gendwa reponn STOP bay nenpòt mesaj tèks mwen resevwa. Pou w refize apèl nan telefòn oswa transmisyon mesajri vokal, ou gendwa kontakte Asistans Kliyan nan 1-888-979-8669.
- PASYAN WYOMING SÈLMAN: Mwen konprann mwen gen dwa pou m enspekte, korije ak jwenn enfòmasyon jenetik mwen epi mande pou detwi enfòmasyon jenetik mwen nan sèten sikonstans dapre Lwa Wyoming § 35-32-103. Pa egzanp, Caris gendwa refize demann mwen an pou detwi enfòmasyon jenetik mwen yo si li nesèsè pou kenbe enfòmasyon mwen yo pou youn nan rezon ki dekri nan Konsantman Pasyan sa a pou Etid Pwofil Molekilè.
- Si m ap siyen nan non pasyan an, mwen sètifye tou mwen gen otorite legal pou m bay konsantman nan non pasyan an.

Non Pasyan (lèt detache): _____ Dat: _____

Pasyan an oswa Sinyatè Otorize an: _____ Dat: _____